



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BUFFALO AK NORTH TONAWANDA KÒM GAYAN
10 MILYON DOLA NAN REJYON LWÈS NEW YORK LA NAN KAD SENKYÈM FAZ
INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

***Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou
revitalize katye Broadway-Fillmore Buffalo ak anba lavil North Tonawanda a***

***Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji
global eta a pouitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke katye Broadway-Fillmore Buffalo ak Vil North Tonawanda pral resevwa 10 milyon dola finansman yo chak kòm gayan Rejyon Lwès New York yo nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Kòm yon natif Buffalo, mwen konnen enpak finansman sa a pral genyen nan amelyore Katye Broadway-Fillmore ak North Tonawanda a", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Pandemi COVID-19 la te montre nou jan ti biznis nou yo ak kominote lokal yo enpòtan pou ekonomi eta a epi pou New York reyisi, nou dwe pwoteje yo. Investisman sa yo pral sèvi pou montre tout sa kominote sa yo gen pou ofri yo, pou yo pa sèlman siviv, men pwospere pandan n ap rebati nan direksyon yon avni ki pi briyan."

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Pandan n ap kontinye rekonstwi apre pandemi an, investisman sa yo pral pote yon sans espwa renouvle nan Buffalo ak North Tonawanda, menm jan yo fè sa pou lòt kominote yo ki te fè pati Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Finansman sa yo pral kontribiye anpil nan direksyon pou bay yon anba lavil anime, abitab epi ki gen kalite siperyè ke rezidan yo merite."

Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS), DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman.

Nan faz sa, Gouvènè Hochul te double finansman an soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman k ap transfòme epi katalize anba lavil yo. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis investisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba lavil la. Atravè DRI a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), y ap bay benefisyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sèr yo a 85 pousan dis 2050.

Katye Broadway-Fillmore Buffalo a

Sitiye nan Bò Lès Vil Buffalo, Katye Broadway-Fillmore a se youn nan katye ki pi ansyen nan Buffalo, epi se pwen santral plan Buffalo a pou yon investisman anba lavil. Katye Broadway-Fillmore a, ak yon pak ki relativman ranpli ak batiman komèsyal an majorite istorik, te etabli yon vizyon pou kreye anplasman iben espesyal, espas pak kle, lari ki oryante pou komès an detay, koneksyon katye amelyore, koneksyon bisiklèt ak pyeton, amelyorasyon peyizaj lari ak amelyorasyon domèn piblik yo. Zòn sa a te wè anpil envestisman ki fini ak sa ki kontinyèl, ki gen ladan plizyè redevlopman pou itilizasyon miks, yon sant sante kominotè, ak amelyorasyon nan Broadway Market ak nan Tèminal Santral Buffalo (Buffalo Central Terminal) a. Baze sou momantòm sa a, Buffalo vize pou ankouraje redevlopman estrikti ki vid yo, bay pi bon koneksyon ant ankraj yo ak enstalasyon yo atravè espas vèt, ogmante opòtinite lojman abòdab yo, epi amelyore peyizaj lari yo.

North Tonawanda

North Tonawanda gen pou objektif pou fè anba lavil yo a vin yon distri ki vibran, ak itilizasyon miks ki santre sou konvèjans de litoral yo: Rivyè Niagara ak Kanal Erie, pou kreye yon anviwònman inifye ak entèkonekte kòm "Pòtay ki mennen nan Kanal Erie". Anba lavil North Tonawanda inik paske li gen ladann 32 ekta Tonawanda Island epi li menm li se yon distri prezèvasyon istorik lokal. Avèk yon kapasite demontre pou pouswiv ak aplike gwo pwojè, ki gen ladan 2.5 milyon dola Fon Kominotè pou Kwasans Entèlijan (Smart Growth Community Fund), pwojè Remington Lofts, ak 20 milyon dola River Road Apartments lan, ak plizyè pwojè k ap kontinye, tankou pwojè Rekonstriksyon River Road, pwojè 24 milyon dola Timber Shore a. ak 3 milyon dola YWCA nan batiman Niagara Frontier, North Tonawanda vle ogmante espas piblik/vèt, amelyore lojman pou granmoun aje, ak amelyore enfrastrikti pou sipòte plis devlopman.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo nan tout rejyon an

epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak North Tonawanda kòm rejyon yo nonmen yo:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan investisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak North Tonawanda kounye a rejwenn Vil Jamestown, Olean, Lockport ak Niagara Falls, ki te gayan Rejyon Lwès New York nan kat premye faz DRI yo, respektivman.

Kounye Buffalo and North Tonawanda pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Komite Planifikasyon Lokal yo (Local Planning Committee) ki konpoze ak reprezantan minisipal, lidè kominotè ak lòt pati ki konsène yo ap dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a. Plan Investisman Estratejik yo ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki ale nan menm sans ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik yo ap gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize epi ogmante investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Sekretè Deta a, Rossana Rosado te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede relanse ekonomi yo pou katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak North Tonawanda pandan yo chak ap travay pou reprann yo anba pandemi an/ Depatman Deta espere sipòte chak kominote pandan y ap devlope yon plan estratejik ki pral

ogmante investisman prive pou kreye zòn anba lavil ki dinamik ki pral benefisye Rejyon Lwès New York."

Komisè pa Enterim, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Felisitasyon pou Katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak Vil North Tonawanda kòm benefisyè Rejyon Lwès New York yo pou revitalize kominote anba lavil pa yo. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la anbrase prensip ekonomik dirab tankou kwasans entelijan ak devlopman anba lavil ak investisman estratejik eta yo. Finansman sa a - ansanm ak patenarya solid piblik-prive - pral ankouraje nouvo investisman ak kominote vibran."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Pwogram DRI a te pwouve li se yon katalis eksepsyonèl pou devlopman ekonomik sible lokalman, ki te ankouraje non sèlman restorasyon resous enpòtan anba lavil yo, men tou li te estimble plizyè milyon dola nan investisman ogmante. HCR fyè dèske li fè pati efò sa a pou bay nouvo lojman ak devlopman pou itilizasyon miks nan Lari Prensipal nou yo. Gwo bagay ap vini nan North Tonawanda ak nan katye Broadway Fillmore nan Buffalo, e listwa montre nou ke gen plis investisman nan Rejyon Lwès New York ki pral vini apre."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "NYSERDA ap tann ak enpasyans pou li bay Buffalo ak Tonawanda asistans teknik ak sipò pou enkòpore netralite kabòn nan efò planifikasyon revitalizasyon yo. Pandan n ap fè tranzisyon nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp, mwen felisite sa yo ak tout vil yo, ti vil, ak vilaj ki angaje yo pou yo jwe wòl pa yo pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sèr ki danjere yo epi pran mezi pou asire kominote yo an sante."

Senatè Tim Kennedy, "Chwa Katye Broadway-Fillmore Buffalo a kòm yon benefisyè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la entèresan, epi l ap bay finansman eta ki sible pou pwodui nouvo investisman ki sipòte kwasans ekonomik nan kominote a. Konpliman pou ekip Buffalo a pou travay yo pou genyen aplikasyon sa, epi remèsiman pou Gouvènè Hochul paske li kontinye kenbe Buffalo nan premye plan. Mwen pa ka tann pou mwen wè transfòmasyon katye istorik sa a."

Lidè Minorite Sena a, Robert Ortt, te deklare, "Majistra Art Pappas, Prezidan Konsèy Kominal la Bob Pecoraro, Lejislatè Konte Niagara Rich Andres, ak patnè lokal sa yo ki gen responsablite pou fè biznis ak eksitasyon tounen nan Vil North Tonawanda te fè yon travay enkwayab pou rajeni zòn anba lavil la. Pandan m t ap sèvi kòm Majistra North Tonawanda, mwen te rekonèt enpòtans pou gen yon distri amizman anime ak enèjetik pou rezidan North Tonawanda yo. Mwen kontan wè kontinyasyon efò sa yo pa administrasyon aktyèl la. Mwen espere ke trajèktwa asandant sa a pou kominote anba lavil nou an k ap grandi a ap kontinye, epi mwen bat bravo pou Eta New York ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la paske yo te chwazi investi yon lòt 10 milyon dola nan vil nou an."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Seleksyon Katye

Broadway-Fillmore Buffalo a kòm yon gayan 10 milyon dola nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral vrèman gen yon enpak transfòmatif sou tout zòn sa a. Enjeksyon lajan sa a nan youn nan pi ansyen katye Buffalo yo pral ede asire yon rekiperyasyon ekite nan zòn iben sa a apre pandemi an nan sipòte biznis lokal yo, kreye nouvo opòtinite lojman ak ogmante investisman prive yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li nan fè eta nou an avanse lè li investè nan sant vil nou yo."

Manm Asanble William Conrad, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon bon fason pou ede kominote yo relanse ekonomi yo epi pote yon nouvo pèspektiv pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo. Isit la nan North Tonawanda, investisman 10 milyon dola sa a pral kreye yon enpak pozitif pou tout kominote a ak pou anpil vizitè li yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan pwogram sa a, epi mwen felisite tout moun ki enplike pou garanti prim sa a pou North Tonawanda."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a ki koute 10 milyon dola pral kontribiye anpil pou ede rezidan North Tonawanda ak biznis yo pwosperite lè yo investè nan enfrastruktir ak kreye plis espas piblik pou tout moun kapab jwi. Se yon moman pou North Tonawanda, e mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul pran pou l investè nan kominote sa a."

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Ala yon jounen enkwayab pou Vil Buffalo! Investè nan Katye Broadway-Fillmore nou an demontre angajman New York pou ede vil nou an kontinye rekonstwi ak reprann li apre pandemi COVID-19 la. Mwen rekonesan non sèlman pou Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan Buffalo, men pou anpil manm kominote devwe ki te travay di pou pwopoze vizyon sa a. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak tout kominote a pou devlope pwojè pou ede kòmanse yon nouvo chapit briyan pou Katye Fillmore."

Majistra Vil North Tonawanda a, Arthur G. Pappas, te deklare, "Sa a se yon jounen enteresan pou North Tonawanda, epi mwen felisite tout moun nan kominote nou an ki te pwopoze yon pake DRI konplè. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò li, epi n ap tann ak enpasyans tout devlopman ke prim DRI 10 milyon dola a pral ede pote nan North Tonawanda a."

Ko-Prezidan WNYREDC ak Prezidan SUNY Buffalo State, Doktè Katherine S. Conway-Turner, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap fè diferans nan Rejyon Lwès New York. Ak dènye benefidye li yo - ki se Katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak North Tonawanda - anba lavil nou yo pral kontinye fè amelyorasyon dirab ki envite investisman ak kreyasyon espas, ansanm ak rezidan yo ak touris yo nan kominote sa yo."

Ko-prezidan WNYREDC ak Ko-fondatè Campus Labs, Eric Reich, te deklare, "Ankouraje nouvo investisman ki pral mennen nan kwasans ekonomik dirab se kle nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Mwen felisite Katye Broadway-Fillmore Buffalo a ak North Tonawanda kòm dènye benefidye DRI a yo epi mwen pa ka tann

pou mwen wè yo travay nan kominote yo pou devlope plan solid pou revitalize sant vil yo."

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Dirije pa Depatman Deta a, inisyativ la reprezante yon estrateji plan aksyon san parèy ak inovan ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon imedya, ki pote avèk li yon ekip entè-ajans ekspè eta a pou sipòte kapasite gouvènman lokal la nan reyalize vizyon kominote pa yo.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou sipòte devlopman ekonomik dirab, ranvèsè chanjman klimatik, ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sèr yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirite, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsònèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Devlopman, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)